

NOUVO KAT MEDICARE!

AP VINI
NAN 2018

Medicare pral voye pa lapòs nouvo kat Medicare ant Avril 2018–Avril 2019. Pou ede pwoteje idantite w, nouvo kat ou a pral gen yon Nimewo Medicare inik olye de nimewo Sekirite Sosyal ou. Nouvo kat la pap chanje pwoteksyon asirans oswa avantaj yo. Men sa ou bezwen konnen:

- Ou pa bezwen fè anyen pou jwenn nouvo kat ou a, men ou dwe asire ke adrès postal ou ajou.
- Si adrès ou bezwen koreksyon, kontakte Sekirite Sosyal nan ssa.gov/myaccount oswa **1-800-772-1213**. Itilizatè TTY yo ka rele **1-800-325-0778**.
- Medicare pa p janm rele w san envitasyon epi mande pou enfòmasyon pèsònèl ou. Fè atansyon a nenpòt moun ki kontakte w osijè nouvo Kat Medicare ou.
- Ou pral jwenn plis enfòmasyon nan Medicare lè yo voye nouvo kat la pou ou pa lapòs.

